Achieving Business Excellence Through Standards

VIMBISO YEBASA KUNE VATINOSHANDIDZANA NAVO

VAVARIRO
Vimbiso yeBasa Kuvatengi yeStandards Association of Zimbabwe (SAZ) inosimbisa kuzvipira kwevashandi vedu uye inotungamirira maitiro edu mukupa basa rakanaka kuitira kuzadzisa muono nebasa reSangano.

TISU VANA ANI
Standards Association of Zimbabwe (SAZ) iSangano reNyika Yose Rinotara Mwero muZimbabwe. SAZ yakaumbwa muna 1957 uye yakasimbiswa zviri pamutemo muna 1960. Sangano rino isangano risiri repurofiti rakazvipira kupa mabasa emhando yepamusoro, akavakirwa pamitemo yekusimudzira kukwikwidzana kwezvigadzirwa nemabasa evatengi varo vanoremekedzwa uye kuchengetedza nharaunda nenzvimbo.
Kuburikidza neVimbiso yeBasa Kune Vatinoshandidzana navo, SAZ yakazvipira kutevedzera tsika dzakanakisa, kushandisa tekinoroji yakakodzera, uye kuchengetedza mwero wepamusoro wehunyanzvi nehunhu nguva dzese.
Sangano rino rinotsvaga kusimudzira hukama hwevane chekuita nesangano nekutarisa nguva dzose uye kuongorora mhinduro dzevatinoshandidzana navo.

ZVATINOKOSHESA
- **Kutendeseka:** Kuita chinhu chakakodzera kunyangwe pasina ari kukuona.
- **Kukoshesa Vatinoshandidzana Navo:** Kuva netsika inosanganisira kupa zvigadzirwa neMabasa anozadzisa kana kupfuura zvinodiwa nezvinotarisirwa vatinoshandidzana navo.
- **Kuumba Zvinhu Zvitsva:** Tinokurudzira hunyanzvi hutsva hwatinoedza kuisa muzvigadzirwa nemabasa edu.
- **Kunakisisa:** Tinokoshesa mhando mune zvese zvebasa redu, tichivavarira kupa goho remhando yepamusoro, mabasa, uye ruzivo rune mugumo unoonekwa kunaka kwawo.
- **Kuchengetedza kweNguva Yakareba:** Tine vavariro yekugadzira batsiro yakanaka mune zveupfumi, nharaunda nemuvanhu uku tichiona kubudirira kwenguva refu uye kusimba kwesangano redu.

BHIZIMUSI REDU
- Kuumba nekushambadza mwero (Standards) yenyika yeZimbabwe.
- Kusimudzira kunzwisisa zvinodiwa pamwero nekupa mapurogiramu ekudzidzisa mwero yacho.
- Kuongororwa murabhoritari kwezvinhu zvinoshandiswa kugadzira zvimwe pamwe nekuongororora zvakagadzirwa zvinoenderana nemwero yakakodzera, kugadzirisa michina yekuyeresa, uye kuongororwa kwemidziyo kusanganisira kuongororwa kwezvinhu zvinotengwa kunze kwenyika kana zvasvika pazvinoenda.
- Kukurudzira kushandiswa kwakapararira kwemwero nekushandisa zvirongwa zvekupa zvitupa zvedanho rechitatu.
- Kuita basa rekupa ruzivo pamusoro pemwero yenyika, yedunhu, neyepasi rose.

KUZVIPIRA KWEDU
SAZ yakazvipira kumisimboti inotevera:
- **Kusasarura:** Tinotora matanho zvichibva pauchapupu hwakajeka pasina kurunzirwa nezvekunze.
- **Kugona:** Tinovimbisa kuti mabasa edu ese anoitwa nenyanzvi dzepamusoro.
- **Kuita Zvinhu Pachena:** Tinopa mukana kune veruzhinji wekuwana kana kuburitsa ruzivo rwakakodzera, rusiri rwepachivande, uye panguva yakakodzera nezve mabasa edu kuti tisimudzire chivimbo mumusika.
- **Kupindura:** Tinoita zvese zvatatauriranwa nenguva, nekuona kuti mabasa aitwa nekukurumidza zvichienderana nemaitiro edu.
- **Kuchengetedza zvakavanzika:** Tinobata vatinoshandidzana navo vese neruremekedzo, hunhu, uye tinochengetedza zvakavanzika zvakasimba.

CHITSIDZO CHEDU CHEBASA
Kuti tizadzise chitsidzo chedu chebasa kwamuri, takazvipira kuva nevashandi vane hunyanzvi, kugadzira nekuchengetedza tsika yekuita zvinhu zvisina rusaruro uye ine musoro mukushanda nevatinoshandidzana navo.
Takazvipira kuita basa rakanaka ne:
- Kunzwisisa zvamunoda uye zvinodiwa.
- Kuronga kuita basa redu zvichienderana nezvamunoda.
- Kukubatai neruremekedzo, hunhu uye kuchengetedza zvakavanzika pakakodzera.
- Kukupai ruzivo rwakajeka, rwakarurama uye rwakakodzera.
- Kupindura nekukurumidza.

MUNGATIBATSIRA SEI?
- Ipai ruzivo rwakarurama mukutaurirana kwenyu nesu kwese.
- Ipai mawonero enyu kuti tivandudze basa redu.
- Tizivisei nezveshanduko dzatinofanira kuziva.
- Chengetedzai kutendeseka kwezviratidzo zvedu/rupawo rwedu nezvitupa nekushandiswa nemazvo uye kumhan'ara kushandiswa kwezviratidzo izvi kusakarurama.

Mukuru Mukuru

31/07/2026

Zuva

Kana muine mibvunzo, zvichemo kana pfungwa, tapota rovai runhare, tumirai mashoko paWhatsApp kana email ku: Standards Association of Zimbabwe:
1 Northend Close, Borrowdale, Harare, Zimbabwe, Nhare: +263-24-2885511/2/8,
Nharembozha:+263 775 183 805, marketing@saz.org.zw, www.saz.org.zw